# Зы адыгэпсэщ тIутыр, зы адыгэбзэщ тIурылъыр

**Пшыхьхэр**



Ныбжьыщlэхэр къофэ.

- Ди лъэпкъэгъухэр къыздекlуэлlэжар хамэщlу къащымыхъуу, атlэ я адэжь щlыналъэу зэрыщытыр хьэкъыу япхыгъэкlынымкlэ мыпхуэдэ зэхыхьэхэм мыхьэнэшхуэ яlэщ. Дунейм адыгэр щикъухьами, зы адыгэпсэ тхэтщ, зы адыгэбзэ тlурылъщи, дызэрылыгъын, дызэдэlэпыкъун хуейщ, - жиlащ сату-технологие колледжым и унафэщlым егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмкlэ и къуэдзэ Безрокъуэ Маритэ. - Ди колледжым къекlуалlэ щlалэгъуалэм щlэныгъэм къищынэмыщlауэ, гъэсэныгъэ тэмэм яхэтлъхьэнми ди нэlэ тедгъэтщ. Республикэм щекlуэкl фестиваль-зэпеуэхэм гъэ къэс ди еджакlуэхэр хыдогъэхьэ. Апхуэдэхэщ, «Бзэр лъэпкъым и гущэщ», «Ди адэжь щlыналъэ» зэпеуэхэр. Абыхэм хабзэми, бзэми, лъэпкъми, Хэкуми гу хурагъэщl. Жыслэну сызыхуейращи, ди лъэпкъэгъу къэкlуэжахэм щlалэгъуалэр щlахуэдгъазэр дыджэгун, дыкъэфэн папщlэкъым, атlэ дэтхэнэ еджакlуэми дыкъызытекlухьа lуэхугъуэр гурэ псэкlэ зыхищlэн щхьэкlэщ.

Пшыхьыр адыгэ джэгукlэ яухащ. Абы хэтащ Сирием къикlыжа нэхъыжьыфlхэри.

Еджакlуэхэм къэкlуэжахэм я гъусэ сабийхэм иратащ бадминтон, стlолыщхьэ теннис зэрыджэгун.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**



Пшыхьым кърихьэлlахэм я нэгу зеужь.
*Сурэтхэр* КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

Налшык дэт «Дружба» зыгъэпсэхупlэм Сирием къикlыжа ди лъэпкъэгъухэм я гукъыдэжыр къэlэтыным теухуа пшыхь гуапэ щызэхэтащ. Апхуэдэ жэрдэмыр къабгъэдэкlащ Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я lуэхухэмкlэ къэрал комитетым и lэщlагъэлl Къарэ Ратмиррэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и lуэхущlапlэ нэхъыщхьэм и унафэщl Мыкъуэжь Арсенрэ.

ХЭКУМ къэкlуэжахэм а махуэм я нэгу зрагъэужьащ КъБКъУ-м и медколледжымрэ КъБР-м и сату-технологие колледжымрэ я еджакlуэхэм. Пщафlэ, дохутыр, бухгалтер, менеджер lэщlагъэхэм хуеджэ щlалэгъуалэм ди щэнхабзэми кууэ зэрыхащlыкlым и щыхьэтт я уэрэд жыlэкlэри къэфэкlэри. Еджакlуэхэм яхэтт lэзэу пшынэрэ бэрэбанрэ еуэ щlалитl. Ахэр сату-технологие колледжым и 3-нэ курсым щlэс Дыгулыбгъу Русланрэ Балъкъэр Рустамрэт.


**Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ**
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ**

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

**КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр**



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

**ТЕЛЕФОНХЭР:** редактор нэхъыщх - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зы 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

**КЪУДАМЭХЭМ:** политикэмкIэ, жы IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэм - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75 хэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэху лэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэх рэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэн гъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - торхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47- операторхэм - 42-22-84; компьюте - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.